MINISTÈRE DE L'ÉCONOMIE ET DES FINANCES

AVI POU PIBLIK LA

Nan batay Leta a ap mennen kont zafè blanchiman ak tout move trafik lajan, ensekirite ak zak teworis nan peyi a, Ministè Ekonomi ak Finans **(MEF)** ap fè popilasyon an ak tout biznismann ki nan sektè jwèt aza ak tout lòt jwèt pou lajan yo konnen gen plizyè dekrè tou nèf ki fikse règ jwèt la nan sektè sa a. Tèks sa yo pibliye nan Jounal ofisyèl peyi a « ***Le Moniteur*** » nan dat **21 dawout 2026** la.

Nouvo dispozisyon sa yo fè parèt a klè gwo jefò Leta ap fè pou mete plis lòd, transparans ak sekirite nan sektè jwèt aza ak tout lòt jwèt pou lajan nan peyi a. Yo mete règ yo pi klè epi pwoteje tout moun kap fè zafè nan sektè sila.

Daprè sa ki ekri nan tèks sa yo, men kisa nou tout dwe konnen an patikilye:

1- Gen yon enstitisyon tou nèf Leta bay pouvwa pou kontwole, voye je epi bay bon jan enfòmasyon nan tout sa kap fèt nan sektè a sou tout teritwa peyi an. Enstitisyon sa rele **ANJHA** (Autorité Nationale des Jeux de Hasard et d'Argent).
2- Biwo Direksyon Jeneral Enpo yo **(DGI)**, **se sèl kote pou tout biznismann** ki nan sektè jwèt aza ak tout lòt jwèt pou lajan peye enpo ak taks.

Ministè Ekonomi ak Finans **(MEF)** ap kontinye bay popilasyon an ak biznismann ki nan sektè jwèt aza ak tout lòt jwèt pou lajan bon jan enfòmasyon sou kijan refòm sektè a ap vanse.

Se nan enterè popilasyon an ak tout biznismann yo Leta peyi Dayiti pran desizyon sa yo pou mete plis lòd nan sektè Jwèt aza ak tout lòt jwèt pou lajan.

Ministè Ekonomi ak Finans **(MEF)** konte sou konpreyansyon nou tout, nan tout dis (10) depatman peyi a e pwofite remèsye nou pou bon kolaborasyon nou.

Pòtoprens, 05 oktòb 2026

Ministè Ekonomi ak Finans